



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN SEMÈN KLIMA NAN VIL NEW YORK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NIVO REKÒ NAN FINANSMAN YO BAY AK FÈM NEW YORK YO POU FÈ FAS AK ENPAK CHANJMAN KLIMATIK YO**

***Plis pase 33 milyon dola yo bay atravè Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik pral ede fèm yo ogmante efò dirab epi rezistan fas ak move tan ekstrèm yo***

***Pwojè ki jwenn sibvansyon yo pral diminye gaz ki lakòz efè sè pou anviwon 120,000 tòn metrik CO2E pou chak ane, prèske doub enpak la avan faz finansman anvan an***

***Plis pase mwatye nan pwojè ki yo jwenn sibvansyon yo se nouvo patisipan yo, sa ki mete aksan sou devlopman ak enpak pwogram nan***

***Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik sipòte ajanda klimatik Gouvènè a, ki prensipal nan nasyon an ak Lwa sou Pwoteksyon Kominotè ak Lidèchip Klimatik Eta a***

Kòm lidè mondyal yo reyini nan New York pandan Semèn Klima Vil New York 2024 la, Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou efò Eta a deplwaye pou lite kont chanjman klimatik la, tankou akòde yon nivo rekò finansman—pou plis pase 33 milyon dola—bay fèm yo atravè Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik. Pwojè ki finanse yo vize pou ede agrikiltè Nouyokè yo diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè, pwoteje dlo, asire sante tè a, epi ogmante rezistans fèm yo fas ak efè chanjman klimatik la. Ansanm, yo estime pwojè yo pral diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè nan ekivalan 120,000 tòn metrik dyoksid kabòn pa ane — ekivalan pou retire 28,560 veyikil a gaz pandan yon ane. Sa a se prèske double enpak la nan faz anvan an nan pwogram nan. Lòt fon federal atravè sibvansyon pou pwodui entelijan klimatik (Climate Smart Commodities Grant) USDA te sipòte finansman pou pwogram nan ki te enkli nan bidjè adopte pou ane fiskal 2025 Eta New York la kòm yon pati nan ajanda klima agresif Eta a.

"Eta New York ap dirije nasyon an nan batay kont chanjman klimatik la, epi investisman rekò nou an nan Pwogram pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la se jis yon pati nan efò anbisyè administrasyon mwen an ap fè pou pwoteje ekosistèm nou yo epi kreye avni vèt ke tout Nouyokè yo merite." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa a bay agrikiltè yo resous yo bezwen pou diminye enpak sou anviwònman an, prepare ak reyaji ak kèlkeswa evènman move tan alavni epi kontinye travay esansyèl yo pou kontribiye nan ekonomi lokal nou yo."

Yon total 70 pwojè pral aplike sou 184 fèm agrikòl atravè Eta New York anba direksyon Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo (Soil and Water Conservation Districts, SWCD) nan konte a. Yo sipòte yo atravè 16.14 milyon dola nan finansman Eta a, plis yon lòt 17 milyon dola nan fon federal. Nan 70 pwojè ki rekonpanse, 39 enplike yon nouvo patisipan agrikòl, sa ki demontre enpak kwasan pwogram nan.

SWCD te resevwa sibvansyon yo nan non agrikiltè yo nan youn nan sis kategori yo:

- Etap 1A: Jesyon betay: Jesyon altènatif dechè ak jesyon presi alimantasyon (Fon Eta New York)
- Etap 1B: Pwojè kouvèti estokaj fimye ak kaptaj metàn (fon federal)
- Etap 2: Adaptasyon ak Rezistans (fon Eta New York)
- Etap 3A: Sante Sòl New York sistèm ak meyè pratik jesyon ki sipòte sante sòl ak agwoforesteri (Fon Eta New York)
- Etap 3B: Sistèm sante sòl (fon federal)
- Etap 4: Jesyon forè agrikòl (pou sekestrasyon kabòn) (Fon Eta New York)

Pwogram Sibvansyon Agrikilti ki Rezistan ak Klima a swiv [kad planifikasyon Jesyon Anviwònman Agrikòl](#) Eta a epi se SWCD konte yo ki dirije l ak aplike l. SWCD Konte yo travay ak fèm ak kominote yo pou konsève resous natirèl yo epi adrese defi ak opòtinite anviwònman ijan yo. SWCD nan reyon sa yo te resevwa sibvansyon faz 8 Pwogram nan:

- **Capital Region:** 3,152,885 dola yo bay pou travay avèk 11 fèm
- **Central New York:** 8,241,829 dola yo bay pou travay avèk 36 fèm
- **Finger Lakes:** 12,948,325 dola yo bay pou travay avèk 67 fèm
- **Long Island:** 118,763 dola yo bay pou travay avèk kat fèm
- **Mid-Hudson:** 166,400 dola yo bay pou travay avèk senk fèm
- **Mohawk Valley:** 608,797 dola yo bay akòde pou travay avèk senk fèm
- **North Country:** 3,439,282 dola yo bay akòde pou travay avèk 20 fèm
- **Southern Tier:** 2,827,378 dola yo bay pou travay avèk 19 fèm
- **Western New York:** 1,655,677 dola yo bay pou travay avèk 12 fèm

An total, fèm ki jwenn sibvansyon yo pwojte 39,659 ekta kilti kouvèti, 9 ekta nan zòn tanpon riveren, ak nèf sistèm kouvèti ak tòchè estokaj fimye - pi plis nan yon sèl faz, ki pral bay pi gwo rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè sè estime pou yon sèl pratik pou pwogram nan jiska dat. Pou yon lis konplè ak deskripsyon pwojè ki akòde yo, tanpri vizite [sitwèb Depatman Agrikilti ak Mache a \(Department of Agriculture and Markets\)](#).

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** "Agrikiltè yo sousye anpil pou sante ak vitalite peyizaj agrikòl New York. Lè wap travay an patenarya ak Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo konte yo atravè Eta a, agrkiltè nou yo pran angajman pou pwodui manje nan yon fason ki diminye anprent anviwònman yo an epi pwoteje an menm tan resous natirèl nou yo. Avèk nivo finansman rekò sa a, n ap elaji chan aksyon nou an nan plis fèm atravè Eta a, sa ki ap ede Eta New York kontinye dirije nasyon an nan konbat chanjman klimatik la epi asire yon anviwònman sen ak pwospè pou tout moun."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "Avèk 33 milyon dola nan nouvo finansman ki te anonse jodi a, fèm New York yo pral kapab pi byen prepare pou enpak evènman move tan ekstrèm ki lakòz chanjman klimatik yo epi redwi enpak operasyonèl yo sou anviwònman an, tankou chwazi ekipman ki ede diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak aplike pwojè vize pou pi byen sipòte sante sòl ak kalite dlo apre move tan ekstrèm yo. DEC bat bravo pou Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Depatman Agrikilti ak Mache yo paske yo sipòte fèm New York ak pwomosyon pratik dirab pou amelyore sante ak rezistans ekosistèm agrikòl epi kominote nou yo gras ak investisman rekò ak inisyativ konplemantè tankou investisman atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp, ak Travay Vèt."

**David Fisher, ki se Prezidan Biwo Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare,** "Agrikiltè yo se pwotektè natirèl anviwònman an. Nou akeyi investisman an favè devlopman dirab, espesyalman sa yo ki ede agrikiltè yo pwoteje sòl la ki se mwayen pou yo viv. Pwogram Finansman pou Rezistans Klimatik la pèmèt agrikiltè yo diminye gaz ki lakòz efè sè epi pran mezi pwoaktif nan planifikasyon pou kondisyon move tan ekstrèm."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Pandan prèske dizan, Pwogram pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la te ede agrikiltè yo adrese enpak chanjman klimatik la atravè teknik ak pratik ki pwouve. Mwen kontan dèske faz finansman ki atenn nivo rekò sa a ap rive touche anpil nouvo patisipan atravè eta a. Mwen remèsye Gouvènè a, patnè federal nou yo ak kòlèg mwen yo pou sipò kontinyèl yo nan pwogram sa ak Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo pou sèvis devwe yo."

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Pandan sous dlo fre yo vin pi ra nan tout peyi a, agrikilti dirab vin pi enpòtan toujou pou New York ak tout Etazini. Mèsi Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li anvè fèm yo ak pou batay li kont chanjman klimatik atravè Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik. Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo nan konte a dirije pwojè yo atravè pwogram sa a pou ogmante efò dirabilite ak diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè pandan l ap pwoteje sante dlo ak sòl," Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònman an, Manm Asanble Deborah Glick, te deklare, "Pwojè ane sa a pral prèske double rediksyon nan emisyon gaz ki lakòz efè sè pandan y ap diminye polisyon nitritif ak poliferasyon alg nuizib pou pwoteje dlo potab, epi sipòte agrikiltè nou yo ak fèm New York."

**Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare,** "Fèm nou yo ap konfwonte chak jou ak konsekans kriz klimatik la. Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la esansyèl nan efò yo pou yo ranfòse sante Sòl, pwoteje anviwònman nou an, epi asire yon rezèv manje lokal dirab. Mwen patikilyèman fyè de pwogram Sante Sòl NY, ki favorize yon estrateji pwoteksyon sòl solid syantifikman dirèk. Se te laverite nan epòk la e l toujou laverite jodia. Avèk sipò kontinyèl, nou ka bay agrikiltè New York yo mwayen pou yo ouvri chemen an nan agrikilti ki rezistan epi bon pou klima".

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Lè nou di agrikiltè yo nan premye liy Kriz Klimatik la, nou vle di kapasite pou yo pwodui manje nou an dirèkteman lye ak anviwònman ki antoure yo—ki jan sòl la an sante, kondisyon move tan, ak enpak chanjman klimatik. Travay yo ak rezèv manje nou depann de yon ekosistèm ki estab ak pwospè, epi kòm yon eta, nou gen yon gwo enterè nan pwosesis sa a. Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la se youn nan inisyativ esansyèl kote eta a kapab bay sipò dirèk ak fèm nou yo, epi ede yo mete nan ogmante mezi dirabilite ki pwouve yo epi plase New York nan pi bon pozisyon pou pwoteje rezèv manje nou an alavni. Mwen fyè pou m ede defann pwogram vital sa a epi felisite tout pwojè ki te resevwa sibvansyon k ap sipòte fèm yo atravè Eta New York, enkli nan konte Columbia ak Ulster!"

**Prezidan Komite Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Eta New York la (New York State Soil and Water Conservation Committee), Dale Stein, te deklare,** "Gras a patenarya ant Eta a ak Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo Konte a, nou te wè gwo pwogrè nan itilizasyon Meyè Pratik Jesyon nan fèm nou yo pou diminye enpak chanjman klimatik la epi pou ede agrikiltè nou yo pi byen prepare pou kantite moun k ap ogmante yo nan evènman move tan ekstrèm ke nou tout ap viv. Kounye a, avèk èd fon federal, Distri nou yo kapab elaji chan aksyon yo epi akeyi ankò plis fèm nan pwogram nan." Lanse an 2015, Pwogram pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la sipòte sektè agrikòl Eta a nan satisfè objektif li yo pou redwi emisyon gaz a efè sè ak ogmante sezi kabòn sou tè ki eksplwate yo nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a. Jiskaprezan, atravè pwogram nan, avèk sipò teknik ekspè SWCD Konte yo bay, 580 fèm te kapab aplike chanjman ki kontribiye nan yon anprent anviwònmantal ki redwi ak ogmante rezistans kont efè chanjman klimatik la. Faz 8 pwogram nan bay finansman 16.14 milyon dola nan eta a pou pwojè sa yo, ki konsistan avèk 16 milyon dola nan Faz 7 la ak yon ogmantasyon siyifikatif soti nan 8 milyon dola nan Faz 6 la.

### **Angajman Gouvènè Hochul pou Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo**

Anba lidèchip Gouvènè a, Bidjè Ane Fiskal 2025 lan bay 81.8 milyon dola atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund), jiska 4 milyon dola pa rapò ak ane pase a, pou pwogram ak inisyativ agrikòl, tankou sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Chanjman Klimatik la, k ap ede kiltivatè yo mete anplas pratik ki dirab epi konbat chanjman klimatik la. Sa gen ladan l investisman kapital Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo sipèvize, tankou [sipòte agrikiltè pwodui letye yo](#) pou yo aplike pwojè ki amelyore sistèm jesyon fèm ki sekestre kabòn epi konsève eleman nitritif agrikiltè yo aplike nan teren ak sòl pou benefisye bon jan kalite dlo ak diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè. Li

gen ladan tou [dènnye finansman nan basen vèsan Eastern Finger Lakes](#) ki dinamnize aplikasyon plan ak pwogram yo pou pran mezi pratik ki nesèsè pou diminye polisyon nitritif ak poliferasyon alg nuizib (harmful algal blooms, HAB), anpeche dlo koule, pwoteje dlo pou bwè, epi sipòte agrikiltè lokal yo.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon dis 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab dis 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an dis mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 150 Kominote ki sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)